



Commonwealth of Massachusetts  
**DEPARTMENT OF HOUSING &  
COMMUNITY DEVELOPMENT**

Charles D. Baker, Governor ♦ Karyn E. Polito, Lt. Governor

**PWOGRAM ASISTANS NAN KA IJANS (EA)**

**SI OU PA KONN PALE ANGLE BYEN**

- Pou kominike avèk anplwaye nan DHCD ak nan refij, ou kapab jwenn sèvis entèprèt gratis si ou pito pale yon lòt lang pase angle.
- Si lang ou pito pale a se **Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Kreyòl Kap Vèt, oswa Arab:**
  - DHCD ak refij yo pral voye kèk dokiman ba ou nan lang ou.
  - Si se nan lang angle ou resevwa dokiman yo, ou mèt mande anplwaye nan DHCD oubyen nan refij yo dokiman ki nan lang ou.
  - Gen kèk enfòmasyon nan dokiman enpòtan yo ki kapab pa tradui. Ou mèt mande pou yon entèprèt li enfòmasyon sa yo nan lang ou, pou ou kapab konprann yo.
- Si ou pale nenpòt ki lang ki pa angle, ou ka jwenn sèvis entèprèt gratis nan biwo DHCD ak nan tout refij yo.
  - Ou ka jwenn sèvis entèprèt pou enfòmasyon yo bay an pawòl oswa alekri nan dokiman.
  - Si ou nan yon biwo DHCD oswa nan yon refij, ou ka mande anplwaye yo pou rele yon entèprèt pou ou.
  - Anplwaye nan DHCD ak nan refij yo pa pral mande w sèvi avèk yon moun nan fanmi w, ni yon zanmi, ni yon timoun pou entèprete pou ou, sòf si se sa ou vle. Se nan ka ijans sèlman yo gen dwa mande timoun sèvi kòm entèprèt.
  - Anplwaye nan DHCD ak nan refij yo gen dwa sèvi kòm entèprèt sèlman si yo konn pale lang ou byen.
  - Ou ka kontakte yon entèprèt nan telefòn poukont ou, si ou rele DHCD nan nimewo (617) 573-1106.
  - Si ou bezwen fè apèl kont yon desizyon yo pran devan Divizyon pou Odisyon an (Hearings Division), ou ka mande yon entèprèt, pou w ka pale avèk yon anplwaye nan Hearings Division, epi ou ka mande pou gen yon entèprèt pandan odisyon an.
- Si ou gen nenpòt kesyon oswa nenpòt pwoblèm avèk sèvis pou lang yo, ou mèt kontakte Kowòdinatris pou Asistans nan Lang (Language Accesss Coordinator) la, ki rele Brenda O'Donnell. Ou gen dwa pote yon plent ekri tou, si ou kwè yo pa ba ou bon sèvis pou kesyon lang.
  - Adrès: Division of Housing Stabilization, Department of Housing and Community Development, 100 Cambridge Street, Suite 300, Boston, MA 02114.
  - Telefòn: (617) 573-1381.
  - Adrès elektwonik: Brenda.ODonnell@state.ma.us